


Gid pou izolasyon Varyòl Senj lan

Enstriksyon pou moun ki pozitif pou òtopòksviris oswa Varyòl Senj lan



Izole jiskaske tout blesi yo geri, kroun yo tonbe, epi yon nouvo kouch po ki entak vin fèt (jeneralman 2 a 4 semèn).



Rete lakay ou, sof nan ka ijans oswa swivi pou swen medikal.



Si sa posib, sèvi ak yon twalèt separe si gen lòt moun ki abite nan menm kay la.



Nou rekòmande w met yon mask oswa yon respiratè ki byen ranje si ou ta dwe bò kote lòt moun nan kay la.



Netwaye epi dezenfekte souvan sifas tout moun manyen lè w sèvi ak yon dezenfektan ki anrejistre nan EPA.



Lave men nou ak savon ak dlo epi sèvi ak dezenfektan ki gen omwen 60% alkòl.



Evite tout aktivite seksyèl.



Evite kontak sere ak lòt moun ansanm ak bèt nan kay la.



Evite sèvi ak lantiy kontak pou pwoteje w kont enfeksyon nan je.



Evite raze zòn nan kò w ki gen ti zanpoul oswa blesi pou anpeche viris la gaye.

